


REPUBLIQUE DU BURUNDI
REPUBLIKA Y'UBURUNDI




ORDONNANCE CONJOINTE PORTANT CAHIER DE
CHARGE DES COMITES MIXTES DE SECURITE
HUMAINE

ITEGEKO NSHIKIRANGANJI RISHINGA IMIRIMO
Y'AMAKOMITE AHURIKIYEMWO BOSE AJEJWE
UMUTEKANO W'ABANYAGIHUGU MU VYEREKEYE
UBUZIMA BWABO BWA MINSI YOSE

Bujumbura, Février 2014
Bujumbura, Ruhuhuma 2014

REPUBLIQUE DU BURUNDI
REPUBLICA Y'UBURUNDI



ORDONNANCE CONJOINTE PORTANT CAHIER DE
CHARGE DES COMITES MIXTES DE SECURITE
HUMAINE

ITEGEKO NSHIKIRANGANJI RISHINGA IMIRIMO
Y'AMAKOMITE AHURIKIYEMWO BOSE AJEJWE
UMUTEKANO W'ABANYAGIHUGU MU VYEREKEYE
UBUZIMA BWABO BWA MINSI YOSE

Bujumbura, Février 2014
Bujumbura, Ruhuhuma 2014

**ORDONNANCE CONJOINTE
PORTANT CAHIER DE CHARGE
DES COMITES MIXTES DE
SECURITE HUMAINE**

1. Contexte et Justification

La contribution de la population à la sécurité doit se faire sous une forme organisée par l'Etat appuyé par les acteurs non-étatiques. Au niveau local, le Gouvernement va assurer la coordination des actions à travers les Comités Mixtes de Sécurité (CMS) qui regroupent les principaux intervenants dans le secteur de la sécurité. Ces Comités doivent répondre devant l'autorité administrative (province, commune, colline) qui est légalement mandatée pour coordonner leurs activités. Les organisations de la société civile qui sont représentées dans ces Comités, contribueront à la sécurité par l'échange d'informations sur les cas de déviation et en faisant

**ITEGEKO NSHIKIRANGANJI
RISHINGA IMIRIMO Y'AMAKOMITE
AHURIKIYEMWO BOSE AJEJWE
UMUTEKANO W'ABANYAGIHUGU
MU VYEREKEYE UBUZIMA
BWABO BWA MINSI YOSE**

1. Ivyatumye iri tegeko ritegurwa

Reta itegerezwa gutunganya neza ibikorwa vy'abanyagihugu mu vyerekeye umutekano, na yo ikunganirwa n'ababifisemwo uruhara batari mu nzego zayo. Ku rwego rw'intango, abajejwe intwaro ni bo batunganya neza ibikorwa, biciye mu makomite ajejwe umutekano ahurikiyemwo bose, agahuza abafasha muri ico gisata bakurubakuru harimwo n'amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya poritike. Ayo makomite ategerezwa gushikiriza ivyo arangura abarongoye intwaro ku rwego rw'intara, rw'ikomine no ku rwego rw'umutumba, kuko ari bo bahabwa n'amategeko ububasha bwo

des suggestions sur les améliorations à apporter à ce secteur. De façon générale, l'engagement du public dans la consolidation de la paix et la justice sociale aura un impact positif sur la qualité des prestations des différents intervenants.

Ainsi, la mise en place des Comités Mixtes de Sécurité (CMS) regroupant les acteurs tant étatiques que non-étatiques a contribué à l'amélioration nette de la sécurité dans la province de Makamba malgré les quelques défis à relever. La sécurité par tous et pour tous est devenue une réalité dans cette province. Implantés à travers tout le pays tel que la

gukurikirana ibikorwa vyayo. Amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya poritike, aserukiwe muri ayo makomite, aterera mu vyerekeye umutekano, mu gutanga no mu guhanahana inkuru zerekeye ibitagenda neza mu gisata c'umutekano, no mu guterera ivyiyumviro vyotuma ibintu bigenda neza kuruta. Muri rusangi, ishaka ry'abanyagihugu mu gutsimbataza amahoro n'ubutungane kuri bose, rizotuma ibikorwa vy'abafasha muri ico gisata batandukanye birangurwa neza kuruta.

Ni muri ubwo buryo, ishingwa ry'amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose baba abari mu nzego za Reta canke abatari muri zo, ryafashije mu gukomeza umutekano bimwe bishimishije mu ntara ya Makamba, naho hakiri intambanyi zimwezimwe zitegerezwa gukurwa mu nzira. Muri iyo ntara, ntibikiri agaseseshwarumuri ko **umutekano**

**CHAPITRE V :
DES DISPOSITIONS FINALES**

Article 21 :

Le Gouverneur de Province, dans sa circonscription administrative, est chargé de la mise en application de la présente ordonnance.

Article 22 :

La présente ordonnance entre en vigueur le jour de sa signature.

**Fait à Bujumbura, le 04 Février
2014**

LE MINISTRE DE L'INTERIEUR

**Honorable Edouard NDUWIMANA
(Sé)**

**LE MINISTRE DE LA SECURITE
PUBLIQUE**

**Commissaire de Police Principal
Gabriel NIZIGAMA (Sé)**

**IKIGABANE CA V :
INGINGO ZISOZERA**

Ingingo ya 21 :

Buramatari, mu ntara ajejwe, ni we ashinzwe ishirwa mu ngiro ry'iri tegeko nshikiranganji.

Ingingo ya 22 :

Iri tegeko nshikiranganji ritangura gukurikizwa kuva umunsi rishiriweko umukono.

**Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 04
Ruhuhuma 2014**

**UMUSHIKIRANGANJI W'INTWARO
YO HAGATI MU GIHUGU**

**Umushingamateka Edouard
NDUWIMANA**

**UMUSHIKIRANGANJI
W'UMUTEKANO MU GIHUGU**

**Komiseri Mukuru w'Igiporisi
Gabriel NIZIGAMA**

Stratégie Nationale de Sécurité le prévoit, les Comités mixtes de Sécurité sont des organes d'assistance et d'appui à la population et aux institutions de sécurité. Ils vont indéniablement renforcer la sécurité humaine de manière durable et même contribuer aux élections apaisées.

Les CMS ont fait preuve de renforcement de la sécurité sur les collines par leur travail patriotique accompli grâce à la volonté des autorités et de la population. Les membres des CMS n'ont pas de mandat politique et travaillent bénévolement, il leur est demandé de

utegerezwa kwitabwaho n'uwo ari we wese kandi ukaba kuri bose. Amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose kandi akwiragijwe mu gihugu cose, nk'uko Umugambi w'igihugu werekeye ukubungabunga n'ugutsimbataza umutekano ubitegekanya, ni inkingi zo kwunganira no gushigikira abanyagihugu n'inzego zijejwe umutekano. Ayo makomite ni yo, ata nkeka, azotuma umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose utsimbatare ku buryo burama mbere akazofasha cane mu gutuma haba amatora mu mahoro.

Vyaragaragaye ko amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose yatumye umutekano utsimbatare ku mitumba kubera ibikorwa bijanye n'ugukunda n'ugukundisha igihugu yaranguye bivuye kw'ishaka ry'abategetsu hamwe n'abanyagihugu. Amabanga abari muri ayo makomite

s'engager pour améliorer la sécurité dans leurs cellules, collines, zones/quartiers, communes et partant de leur province.

En outre, la communication par « flotte » établie entre les membres des Comités Mixtes de Sécurité (CMS) de la province, et à tous les échelons, a introduit le système d'alerte précoce dans le cadre de la prévention. C'est pour cette raison que le cahier de charge utilisé en province de Makamba dans le cadre de l'implantation de ces Comités Mixtes de Sécurité, amendé puis validé par l'atelier de Gouverneurs de provinces en date du 11 Octobre 2013, mérite de servir de modèle aux autres provinces du pays.

bashinzwe si aya poritike kandi bayarangura ata mpembo barinze gusaba. Ico basabwa ni ukwiyemeza gukora ku buryo umutekano utsimbataro mu ducimbiri twabo, ku mitumba yabo, mu mazone canke amakaritiye yabo, mu makomine mbere no mu ntara yabo.

Vyongeye, uguhanahana amakuru biciye ku mihora abagize amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose bisangije, ivyo bita « flotte », mu ntara, no ku nzego zose, vyatumye haba uburyo bwo gutabaza hakiri kare mu ntumbero y'ugukinga ivyogeramira umutekano. Ni co gituma, ivyo amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose mu ntara ya Makamba yishinze kurangura, vyunganiwe birongera biremezwa n'uruganda rw'aba Buramatari rwabaye kw'igenekerezo rya 11 Gitugutu 2013 i Bujumbura, bikwiye gufatirwako akarorero mu gushinga ayo makomite mu zindi ntara z'igihugu.

réputation dans la communauté en matière de civisme et de patriotisme. Dans tous les cas, un membre du CMS est remplacé par un autre du même groupe d'origine sur proposition des membres du CMS concerné pour maintenir l'équilibre. Tout remplacement doit être approuvé par une décision de l'administrateur communal du ressort.

yaciriwe igihano na sentare, iyo yigenza nabi canke atacerekana akarorero keza mu vyerekeye gukunda no gukundisha abandi igihugu. Muri ico gihe, asubirirwa n'uwundi ava mu mugwi yaserukira ashikirijwe n'abagize komite yahoramwo kugira ngo imirwi yose igume iserukiwe. Ingingo y'ugusubiriza uwahora muri komite y'umutekano ihurikiyemwo bose yemezwa na Musitanteri wa komine iyo komite ikukira.

Article 19 :

La Cellule se réunit tous les lundis en réunions ordinaires et autant de fois que de besoin, en réunions extraordinaires, pour analyser les situations notées dans les différents rapports sur l'état de sécurité transmis par écrit ou verbalement par les CMS des zones et/ou des collines/quartiers.

Section 2: Du mandat des membres des Comités Mixtes de Sécurité humaine.

Article 20 :

Un membre des CMS perd sa qualité en cas de déménagement, de décès, de condamnation judiciaire, de méconduite ou de mauvaise

Ingingo ya 19 :

Abagize Umurwi ujejwe gukurikirana ibikorwa vy'amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose bakorana iminsi yose ku wa mbere w'indwi mu nama zisanzwe n'igihe cose bikenewe mu nama zidasanzwe, kugira bihweze ibiri mu vyegeranyo bitandukanye ku vyerekeye umutekano, biba vyashikirijwe vyanditse canke bitanditse n'amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose yo yo mu mazone, ayo ku mitumba canke ayo mu makaritiye.

Agace ka 2: Ikiringo abagize amakomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose bamara muri ayo mabanga

Ingingo ya 20 :

Uwuri muri komite ihurikiyemwo bose ijejwe umutekano ntaba agifise ububasha muri iyo komite, iyo yimukiye ahandi, iyo apfuye, iyo

Le Gouvernement a pour tâche de réaliser les aspirations du peuple burundais, en particulier de guérir les divisions du passé, améliorer la qualité de la vie de tous les Burundais et de garantir à tous la possibilité de vivre au Burundi à l'abri de la peur, de la discrimination, de la maladie et de la faim.

Tout individu a le devoir de contribuer à la sauvegarde de la paix, de la démocratie et de la justice sociale. (Articles 17 et 73 de la Constitution).

Pour ce faire, le Gouvernement a mis en place le Conseil National de Sécurité qui est chargé, entre autres missions, de l'élaboration de la politique de ce Gouvernement en matière de sécurité. C'est ainsi que dans sa session du mois de Mars

Reta ijejwe gushira mu ngiro ivyipfuzo vy'abarundi, na canecane ibijanye n'ugukira indyane n'amacakubiri bihitiye mu gihugu, gutuma abanyagihugu bose babaho neza kuruta, gutuma ababa mu Burundi bose babaho badatekewe n'ubwoba, ata kubavangura, bashobora kuronka uburyo bw'ukwivuzza iyo barwaye kandi batageramiwe n'inzara.

Nk'uko bitegekanijwe n'Ibwirizwa Shingiro mu ingingo yayo ya 17 n'iya 73, Umunyagihugu wese arategerezwa guterera mu gutsimbataza amahoro, intwari ya demokarasi n'ubutungane kuri bose.

Ni muri iyo ntumbero, Reta yashizeho Inama Nkuru y'Igihugu ijejwe umutekano, ishinzwe ahanini gutegura poritike ya Reta yerekeye umutekano. Ni co gituma, mu nama yayo yo mu kwezi kwa Ntwarante 2013, iyo Nama Nkuru y'Igihugu

2013, ledit Conseil a validé la Stratégie Nationale de Sécurité, qui a été ensuite adoptée par le Gouvernement en date du 12 Juin 2013, et approuvée par Son Excellence le Président de la République le 30 Juin 2013. Les travaux de vulgarisation et de mise en œuvre de cette Stratégie ont été solennellement lancés par Son Excellence Monsieur le Premier Vice-président le 20 Août 2013.

La Stratégie Nationale de Sécurité prévoit, dans sa partie qui concerne la coordination à la base, que la contribution de la population à la sécurité doit se faire sous une forme organisée par l'Etat appuyé par les acteurs non-étatiques. Au niveau local, l'administration assure la coordination des actions à travers les Comités Mixtes de Sécurité qui regroupent les principaux intervenants

yemeje Umugambi w'igihugu werekeye ukubungabunga n'ugutsimbataza umutekano, uca wemezwa n'Inama Nshikiranganji yo ku wa 12 Ruheshi 2013, hanyumwa ushirwako umukono na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu kw'igenekerezo rya 30 Ruheshi 2013. Igikorwa c'ukuwumenyekanisha n'ugushira mu ngiro uwo Mugambi, catangujwe icese na Nyakwubahwa Icegera ca mbere c'Umukuru w'Igihugu, kw'igenekerezo rya 20 Myandagaro 2013.

Umugambi w'igihugu werekeye ukubungabunga n'ugutsimbataza umutekano, mu kigabane cawo cerekeye ugutunganya ibikorwa mu nzego z'intango, utegekanya ko Reta ari yo itegerezwa gutunganya neza ibikorwa vy'abanyagihugu mu vyerekeye umutekano, na yo ikunganirwa n'ababifisemwo uruhara batari mu nzego zayo. Ku rwego rw'intango, abajejwe intwari ni bo

vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose ugatanga n'intumbero y'ibikorwa vy'ayo makomite.

Uwo murwi ugizwe n'aba bakurikira:

- L'Administrateur communal (Président) ;
- Le Chef de Poste de police (Vice-président) ;
- Le Conseiller de l'Administrateur communal chargé des affaires administratives et sociales (Secrétaire) ;
- Le Président du Tribunal de Résidence ;
- Le Chef de la zone qui abrite le chef-lieu de la Commune ;
- Le Chef de position de la FDN (là où il existe) ;
- Le Responsable du SNR au niveau communal.
- Musitanteri, Umukuru w'umurwi;
- Umukuru w'Igiporisi mw'ikomine, Icegera c'umukuru w'umurwi
- Umuhanuzi wa Musitanteri ajejwe ivy'intwari n'imibano, umunyamabanga w'uwo murwi;
- Umukuru wa Sentare y'intango ;
- Umukuru wa zone irimwo umurwa mukuru w'ikomine;
- Umukuru w'ikirindiro c'abasirikare, iyo kihari ;
- Uwujejwe igendereza ku rwego rwa komine.

CHAPITRE IV :

Du suivi des activités des Comités Mixtes de Sécurité humaine et du Mandat.

Section 1 : Du suivi des activités des Comités Mixtes de Sécurité humaine

Article 18 :

Une Cellule Technique de Suivi, composée de sept (7) personnes, issues des Membres du CMS au niveau communal, est constituée pour assurer le suivi et l'orientation des prestations des CMS. Il s'agit de :

IGICE CA IV :

Ugukurikirana ibikorwa vy'amakomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose hamwe n'ikiringo abayagize bamara

Agace ka 1 : Ugukurikirana ibikorwa vy'amakomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose

Ingingo ya 18 :

Harashinzwe Umurwi ujejwe gukurikirana ibikorwa vy'amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose, ugizwe n'abantu indwi (7), bava mu bagize komite yo ku rwego rw'ikomine. Uwo murwi ni wo ushinzwe gukurikirana ibikorwa birangurwa n'amakomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu

de la sécurité y compris la société civile.

Dans son discours prononcé lors du lancement officiel des travaux de vulgarisation et de mise en œuvre de la Stratégie Nationale de Sécurité, Son Excellence Monsieur le Premier Vice-Président de la République a recommandé que le Secrétariat Permanent du Conseil National de Sécurité organise une campagne de vulgarisation et de mise en œuvre de cette Stratégie Nationale de Sécurité. La population doit, à tous les niveaux, s'approprier du contenu de ce document afin que chaque citoyen sache ses devoirs et responsabilités pour veiller à sa sécurité et celle de son voisin afin de promouvoir la sécurité pour tous et par tous. Les

batunganya neza ibikorwa, biciye muri ya makomite ajejwe umutekano ahurikiyemwo bose, agahuza abafasha muri ico gisata bakurubakuru harimwo n'amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya poritike.

Mw'ijambo ryiwe ry'ugutanguza ku mugaragaro ibikorwa vy'ukumenyekanisha n'ugushira mu ngiro Umugambi w'igihugu werekeye ukubungabunga n'ugutsimbataza umutekano, Nyakubahwa Icegera ca mbere c'Umukuru w'Igihugu, yarasavye ko Ibiro vy'Umunyamabanga ntayegayezwa w'Inama Nkuru y'Igihugu ijejwe umutekano, bitunganya isekeza ry'ukumenyekanisha uwo mugambi mu gihugu cose n'ukuwushira mu ngiro. Abanyagihugu na bo, mu mice barimwo yose, bategerezwa kugira uwo mugambi uwabo kugira ngo umweneziyemwo wese amenye ivyo ategerejwe n'uruhara rwiwe mu

autorités provinciales et communales, les chefs de zones et de collines sont les plus concernés par la maîtrise du contenu de ladite Stratégie : ses objectifs, les fonctions prévues pour les atteindre, les priorités à réaliser à moyens termes et la coordination.

Il a également interpellé le Ministère de l'Intérieur, le Ministère de la Sécurité Publique en collaboration avec le Secrétariat Permanent du Conseil National de Sécurité, d'accélérer la mise en place des Comités Mixtes de Sécurité (CMS) sur l'ensemble du territoire national dans le but de consolider la sécurité

kwitwararika umutekano wiwe n'uw'aho aherereye kugira ngo hatsimbatazwe ingendo yuko **umutekano utegerezwa kwitabwaho n'uwo ari we wese kandi ukaba kuri bose.** Abarongoye intara n'abarongoye amakomine, abakuru b'amazone n'abakuru b'imitumba bategerezwa kumenya neza ibiri muri uwo mugambi, ni ukuvuga, amahangiro yawo, ibitegerezwa kurangurwa kugira ayo mahangiro ashikweko, ibikorwa bitegerezwa kurangurwa imbere y'ibindi mu kiringo kigereranye hamwe n'ukubikurikiranira hafi.

Yarongeye arasaba Ubushikiraniganji bw'intwari yo hagati, Ubushikiraniganji bw'umutekano mu gihugu n'ibiro vy'Umunyamabanga ntayegayezwa w'Inama Nkuru y'Igihugu ijejwe umutekano, ngo bihutire gushinga amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose mu gihugu cose, kugira ngo hakomezwe

signer avant de l'adresser à la hiérarchie directement supérieure pour analyses, orientations ou décisions et dans les meilleurs délais.

kukurungikira umukuru w'urwego rumukurira, kugira ngo acihweze, atange intumbero canke afate ingingo mu maguru masha.

Ku vyerekeye inama yo ku rwego rwa zone, umwanditsi agenwa n'umukuru wa komite ya zone, mu nama zo ku rwego rw'umutumba naho, akagenwa n'umukuru wa komite yo ku mutumba.

communal.

Article 16 :

Au niveau des collines, les réunions statutaires, également mensuelles, se tiennent systématiquement tous les derniers samedi du mois ; avant la tenue des réunions des CMS zonaux.

Toutefois, à chaque niveau, les membres des CMS peuvent se réunir autant de fois que de besoin, en réunions extraordinaires, pour discuter sur l'état des lieux de la situation sécuritaire et sur des actions à mener.

Article 17 :

Après chaque réunion, le Secrétaire (choisi par le Président dans le cas des zones et collines), dresse un rapport circonstanciel que le Président et le Vice-président vont

imbere yuko inama ya komite y'umutekano ihurikiyemwo bose ku rwego rwa komine ikorana.

Ingingo ya 16 :

Ku rwego rw'imitumba na ho nyene, inama z'umutekano zitegekanijwe rimwe mu kwezi, zigategerezwa gukorana ku muni wa gatandatu wa nyuma w'ukwezi, imbere yuko inama ya komite y'umutekano ya zone ikorana.

Ariko, ku rwego rumwerumwe rwose, abagize amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose, barashobora gukorana mu nama zidasanzwe igihe cose babonye ko bikenewe, kugira bavugane ingene umutekano wifashe hamwe n'ivyokorwa.

Ingingo ya 17 :

Iyo inama irangiye, umunyamabanga ari we mwanditsi aragira icegeranyo c'iyoyi nama gishirwako umukono n'umukuru wa komite hamwe n'icegera ciwe, imbere yo

humaine sur toutes les collines du pays, ce qui contribuera en outre à la préparation des élections apaisées. Ainsi, sur base de cette recommandation de la Présidence, et stimulé par les résultats satisfaisants au niveau du fonctionnement des Comités Mixtes de Sécurité (CMS) en province Makamba prise comme province pilote, et pour opérationnaliser la coordination des acteurs de la sécurité sur toutes les collines du pays (tel que recommandé par la Stratégie) afin de renforcer la sécurité humaine, il s'avère indispensable et prioritaire d'instaurer les CMS dans toutes les provinces et communes du Burundi.

umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose ku mitumba yose y'igihugu, ivyoyi bikazofasha kandi ko hategurwa amatora mu mahoro n'umutekano. Ni co gituma, nk'uko bisabwa n'ibiro vy'Umukuru w'Igihugu, kandi hafatiwe ku bikorwa vyaranguwe bimishije n'amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose mu ntara ya Makamba yafashwe nk'akarorero, mu ntumbero y'ugutuma ibikorwa vy'abafise uruhara mu vyerekeye umutekano bitunganywa neza ku mitumba yose y'igihugu, nk'uko Umugambi w'Igihugu werekeye ugutimbataza umutekano ubitegekanya, birakenewe kandi ni ngombwa ko amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ashingwa mu gihugu cose kugira umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose utsimbatare.

2. Structure de l'ordonnance

Cette ordonnance comprend cinq chapitres

Le premier précise les missions dévolues aux comités Mixtes de Sécurité humaine en distinguant dans ses sections les secteurs dans lesquels ces comités sont appelés à contribuer.

Le second chapitre s'intéresse aux modalités de mise en place des comités Mixtes de Sécurité humaine aux différents niveaux de l'administration territoriale à savoir la commune ; la zone et la colline.

Le troisième traite des critères d'éligibilité des membres des Comités de Sécurité humaine et du fonctionnement de ces comités.

2. Ingene iri tegeko ritunganijwe

Iri tegeko nshikiranganji rigizwe n'ibice bitanu.

Igice ca mbere gitomora imirimo irangurwa n'amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose, uduce tukigize tukerekana ibisata bitandukanye ayo makomite agiramwo uruhara.

Igice ca kabiri cerekeye ingene amakomite ahurikiyemwo bose ashingwa ku rwego rw'ikomini, rw'izone no ku mutumba.

Igice ca gatatu, cerekeye ibisabwa ku bitoza mu makomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose n'ingene ayo makomite akora.

des zones et les adjoints aux Chefs de collines sont Vice-présidents des CMS respectivement aux niveaux communal, zonal et collinaire

Article 14 :

Le Secrétaire du CMS communal est le Conseiller de l'Administrateur communal chargé des affaires administratives et sociales.

Article 15 :

La périodicité des réunions des CMS est établie comme suit : Au niveau du CMS communal, une (1) réunion statutaire par mois, programmée successivement les lundis des deuxièmes semaines des mois, ou le jour ouvrable suivant au cas où le jour de réunion est férié ou un congé chômé. Au niveau des zones, également une réunion mensuelle, fixée tous les jeudis des premières semaines des mois successifs ; soit avant la réunion mensuelle du CMS

uwuhagarariye igiporisi muri zone, hamwe n'icegera c'umukuru w'umutumba, ni bo vyegeza vy'umukuru wa komite y'umutekano ihurikiyemwo bose, ku rwego rwa komine, urwa zone n'ur'umutumba.

Ingingo ya 14 :

Umunyamabanga wa komite y'umutekano ihurikiyemwo bose muri komine, ni umuhanuzi wa Musitanteri ajejwe ivy'intwano n'imibano.

Ingingo ya 15 :

Inama z'amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose, zitegekanijwe kugirwa ku bihe bikurikira: Ku rwego rwa komine, hategekanijwe kugirwa inama rimwe mu kwezi, ni ukuvuga ku muni wa mbere w'indwi igira kabiri y'ukwezi, canke ku muni w'akazi ukurikira, iyo umuni w'inama wahuriranye n'umuni w'akaruhuko wemewe n'amategeko. Ku rwego rwa zone na ho nyene, inama iba rimwe mu kwezi, ku muni wa kane w'indwi ya mbere y'ukwezi

- Résider en permanence dans la commune ou dans le quartier concerné;
- Accepter d'assumer ses responsabilités bénévolement ;
- Ne pas appartenir à un autre niveau de représentant.
- Kuba baba mw'ikomine canke mw'ikaritiye bitozamwo;
- Kwiyemeza kurangura ico gikorwa ata mpembo barinze gusaba;
- Kuba atafise ico aserukira mu rwego rusumba urwo yitozamwo.

Section 2 : Du Fonctionnement des Comités Mixtes de Sécurité Humaine

Article 13 :

Les CMS sont des organes d'assistance et d'appui à la population et aux institutions de sécurité. L'Administrateur communal ; le Chef de Zone et le Chef de colline sont respectivement les Présidents des CMS chacun dans la circonscription administrative dont il est responsable. Le Chef de Poste communal, les Chefs d'antennes de police au niveau

Agace ka 2 : Ingene amakomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose akora

Ingingo ya 13 :

Amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ni urwego rwunganira rukongera rugashigikira abanyagihugu hamwe n'inzego zijejwe umutekano. Musitanteri, umukuru wa zone n'umukuru w'umutumba, umwe wese mu karere ajejwe, ni we mukuru wa komite y'umutekano ihurikiyemwo bose. Umukuru w'Igiporisi muri komine,

Le quatrième chapitre traite du suivi à réserver aux activités des Comités Mixtes de Sécurité humaine et le mandat des membres de ces derniers.

Le cinquième et dernier chapitre concerne les dispositions finales.

Telle est l'économie de cette ordonnance portant cahier de charge des Comités Mixtes de Sécurité humaine au Burundi.

Igice ca kane cerekeye ingene ibikorwa vy'amakomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose bikurikiranwa hamwe n'ikiringo abari muri ayo makomite bamara muri iyo mirimo.

Igice ca gatanu ari na co ca nyuma kirimwo ingingo zisozera.

Ivyo ni vyo bigize iri tegeko nshikiranganji rishinga amakomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose mu Burundi.

ORDONNANCE CONJOINTE N° 530/215/137/2014 DU 04 FEVRIER 2014 PORTANT CAHIER DE CHARGE DES COMITES MIXTES DE SECURITE HUMAINE

LE MINISTRE DE L'INTERIEUR,

LE MINISTRE DE LA SECURITE PUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République,

Vu la loi N° 1/006 du 10 décembre 1998 portant création de la province Mwaro et délimitation des provinces Mwaro et Muramvya ;

Vu la loi N° 1/010 du 30 juin 2000 portant code de l'environnement,

ITEGEKO NSHIKIRANGANJI INOMERO 530/215/137/2014 RYO KU WA 04 RUHUHUMA 2014 RISHINGA IMIRIMO Y'AMAKOMITE AHURIKIYEMWO BOSE AJEJWE UMUTEKANO W'ABANYAGIHUGU MU VYEREKEYE UBUZIMA BWABO BWA MINSI YOSE

UMUSHIKIRANGANJI W'INTWARO YO HAGATI MU GIHUGU,

UMUSHIKIRANGANJI W'UMUTEKANO MU GIHUGU,

Bihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi;

Bihweje Ibwirizwa inomero 1/006 ryo ku wa 10 Kigarama 1998 rishinga intara ya Mwaro, rikerekana imbibe z'intara ya Mwaro n'iz'intara ya Muramvya;

Bihweje Ibwirizwa inomero 1/010 ryo ku wa 30 Ruheshi 2000 ryerekeye Igitabu c'amategeko agenga ibidukikije;

CHAPITRE III :

Des Critères d'éligibilité des membres des Comités Mixtes de Sécurité humaine et de leur fonctionnement

Section 1 : Des critères d'éligibilité des Comités Mixtes de Sécurité humaine

Article 12 :

Pour être élus, les membres des CMS provenant de la Société Civile et/ou associations doivent remplir les conditions suivantes :

- Jouir d'une bonne réputation dans la communauté en matière de civisme et de patriotisme;

IGICE CA III :

Ibisabwa ku bitoza mu makomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose n'ingene ayo makomite akora

Agace ka 1 : Ibisabwa ku bitoza mu makomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose

Ingingo ya 12 :

Kugira ngo bemerewe gutorwa mu bagize amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose, abaserukira amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya poritike canke ayandi mashirahamwe bategerezwa kuba bakwije ibi bikurikira:

- Kuba bazwi n'abanyagihugu ko batanga akarorero keza mu vyerekeye ugukunda n'ugukundisha igihugu;

- 5 membres élus dans les communautés sous la supervision du Chef de colline ou son délégué.
- Le représentant de la Société Civile ;
- La représentante du Forum des femmes ;
- Le Représentant des jeunes.

Les jeunes et les femmes sont respectivement représentés à 40 et 30% de l'ensemble des membres du Comité.

- Abandi batanu (5) batowe ngo baserukire abandi banyagihugu, itorwa ryabo rigahagarikirwa n'umukuru w'umutumba canke intumwa yiwe;
- Uwuserukira amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya poritike;
- Uwuserukira o ihurir ry'abakenyezi ku mutumba;
- Uwuserukira urwaruka;

Urwaruka ruserukirwa ku bice 40%, abakenyezi na bo ku bice 30% vy'abagize ayo makomite.

Vu la loi 1/23 du 31 décembre 2004 portant création, organisation, missions, composition, et fonctionnement de la Police Nationale du Burundi,

Vu la loi N° 1/02 du 25 janvier 2010 portant révision de la loi N° 1/016 du 20 avril 2005 portant organisation de l'Administration Communale,

Vu le Décret-loi N° 1/29 du 24 septembre 1982 portant délimitation des Provinces et des Communes de la République du Burundi tel que modifié à ce jour,

Vu le Décret N° 100/298 du 21 novembre 2011 portant organisation du Ministère de la Sécurité Publique,

Vu le décret N° 100/ 250 du 24 septembre 2012 portant modification

Bihweje Ibwirizwa inomerwo 1/23 ryo ku wa 31 Kigarama 2004 rishinga Igiporisi c'Uburundi, ingene gitunganijwe, imirimo yaco, abakigize n'ingene gikora;

Bihweje Ibwirizwa inomerwo 1/02 ryo ku wa 25 Nzero 2010 risubiramwo Ibwirizwa inomerwo 1/016 ryo ku wa 20 Ndamukiza 2005 riringaniza ubutegetsi muri Komine;

Bihweje Itegeko bwirizwa inomerwo 1/29 ryo ku wa 24 Nyakanga 1982 rishinga imbibe z'intara hamwe n'iz'amakomine ya Repuburika y'Uburundi, nk'uko ryagiye rirahinduka gushika ubu;

Bihweje Itegeko inomerwo 100/298 ryo ku wa 21 Munyonyo 2011 riringaniza Ubushikiranganji bw'umutekano mu gihugu;

Bihweje Itegeko inomerwo 100/250 ryo ku wa 24 Nyakanga 2012 rihindura

du décret N° 100/94 du 23 mars 2011 portant réorganisation du Ministère de l'Intérieur,

Le Conseil des Ministres ayant délibéré,

ORDONNENT

CHAPITRE I :

Des Missions des Comités Mixtes Sécurité Humaine

Article 1 :

L'action de protéger la population est permanente en situation de paix, de crise, ou de risque probable. Il revient à l'Etat et à travers les Comités Mixtes de Sécurité Humaine de renforcer les capacités de faire face aux menaces qui guettent la population dans les domaines politique, économique, social et

Itegeko inomero 100/94 ryo ku wa 23 Ntwarante 2011 risubiramwo itunganywa ry'Ubushikiranganji bw'Intwari yo hagati mu gihugu;

Inama Nshikiranganji imaze kuvyihweza,

BASHINZE

IGICE CA I :

Imirimo y'amakomite ahurikiyemwo bose ajejwe umutekano w'abanyagihugu mu vyerekeye ubuzima bwabo bwa minsi yose

Ingingo ya mbere :

Reta itegerezwa kwama ikingira banyagihugu, haba mu gihe c'amahoro, mu gihe c'amagume, canke mu gihe hashobora kwaduka ikigeramira umutekano. Kubera ivyo, ibicishije ku makomite y'umutekano ahurikiyemwo bose, itegerezwa kwongereza ubushobozi n'ubuhinga kugira ihangane n'ibigeramira umutekano w'abanyagihugu mu

Section 3 : Au niveau des collines

Article 11 :

De même, étant donné que toutes les collines et/ou quartiers ne comptent pas le même nombre de sous-collines et/ou cellules, les CMS au niveau de ces entités ne comprennent pas le même effectif de membres, mais doivent impérativement inclure :

- Les 5 élus collinaires ;
- Tous les Chefs des sous-collines ;
- Le Policier désigné 'Parrain' de la colline ;
- Le moniteur agricole ;

Agace ka 3 : Abagize amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ku rwego rw'umutumba

Ingingo ya 11 :

Nk'uko bitegekanijwe ku zindi nzego, amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ku rwego rw'umutumba, ntafise igitigiri hose kingana c'abayagize kubera ko imitumba yose canke amakaritiye adafise igitigiri kingana c'uducimbiri canke amabarabara, ariko ahakuru hategerezwa kuba harimwo aba bakurikira:

- Abajenama batanu (5) batowe ku mutumba;
- Abarongoye uducimbiri bose;
- Umuporisi yagenywe ngo abe umuhagarikizi w'umutumba;
- Umufundi w'indimo;

- Le Titulaire du Centre de santé le plus proche du bureau zonal ;
- Cinq (5) membres de la Société Civile élus parmi et par les représentants de toutes les organisations et/ou associations établies dans la Zone, y compris les Confessions religieuses, sous la supervision du Chef de zone ou son délégué ;
- Le juge président du tribunal de résidence (là où il existe) ;
- La Représentante du Forum des femmes ;
- Le Représentant des jeunes.
- Umukuru w'ivuriro ryegereye ibiro vya zone;
- Abantu batanu (5) baserukira amashirahamwe adaharanira ivyicaro vya poritike batorwa n'abaserukira amashirahamwe yose akorera muri iyo zone harimwo abo mu mashengero n'ibimenyeshamakuru kandi abitoza bakava muri abo nyene. Itorwa ryabo rihagarikirwa n'umukuru wa zone canke intumwa yiwe.
- Umukuru wa Sentare y'intango (iyo ihari);
- Uwuserukira ihuriro ry'abakenyezi;
- Uwuserukira urwaruka;

Les jeunes et les femmes sont respectivement représentés à 40 et 30% de l'ensemble des membres du Comité.

Urwaruka ruserukirwa ku bice 40%, abakenyezi na bo ku bice 30% vy'abagize ayo makomite.

environnemental

Section 1 : Contribuer à protéger la population contre les menaces d'ordre politique

Article 2 :

Pour contribuer à protéger la population contre les menaces d'ordre politique, les actions suivantes doivent être menées :

- Tenir à jour le registre de la population mis à la disposition des chefs de collines ;
- Renforcer les principes de responsabilité, de transparence et de redevabilité par rapport à la population à tous les niveaux de l'administration, des corps de défense et de sécurité, et de la justice.

vyerekeye poritike, ubutunzi, imibano n'ibidukikije.

Agace ka 1 : Kugira uruhara mu gukingira abanyagihugu ibibageramira bikomoka ku mvo za poritike

Ingingo ya 2 :

Kugira ngo abanyagihugu bakingirwe ibibageramira bikomoka ku mvo za poritike, amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ategerezwa kugira uruhara mu bikorwa bikurikira:

- Kuja haruzuzwa uko bitegerejwe igitabu co ku mutumba candikwamwo ivyerekeye abanyagihugu, cashikirijwe abakuru b'imitumba;
- Gutuma hitwararikwa kuruta ivy'umuntu ashinzwe, ugukorera ku mugaragaro hamwe n'ukwerekana ivyaranguwe ku neza y'abanyagihugu ku nzego zose z'abajewe intwari, iz'igisirikare n'iz'umutekano hamwe n'iz'ubutungane;

- Sauvegarder la promotion et le respect des droits de l'homme ;
- Renforcer l'unité et la réconciliation des communautés ;
- Consolider un dialogue franc et sincère entre la population et les institutions de sécurité (Police, FDN, Justice, Administration) à travers les informations et les communications sur le concept et les missions de la police de proximité ;
- Créer un bon climat entre les membres des partis politiques par la communication et la maîtrise des principes démocratiques, notamment la tolérance politique ;
- Mobiliser la population aux travaux communautaires ;
- Kwitwararika na ntaryo uguteza imbere n'ukwubahiriza agateka ka zina muntu;
- Gutsimbataza ubumwe n'ukunywanisha abanyagihugu;
- Gukomeza ingendo y'ukuja inama n'ingingo ata guhishanya hagati y'abanyagihugu n'inzego zijewe umutekano (igiporisi, igisirikare, ubutungane, intwaro), biciye mu buryo bw'ukumenyeshya n'uguhanahana amakuru ku bijanye n'igiporisi cegerejwe abanyagihugu n'imirimo gishinzwe;
- Gutuma haba umwumvikano hagati y'abari mu migambwe, mu kwigishanya ingingo ngenderwako za demokarasi, na canecane ukwihanganirana mu vyiyumviro vya poritike;
- Guhimiriza abanyagihugu kwijukira ibikorwa vy'iterambere rusangi;

l'Administrateur communal ou son délégué.

Section 2 : Au niveau des zones

Article 10 :

Les membres des CMS au niveau des zones sont variables mais doivent obligatoirement inclure :

- Le Chef de la zone ;
- Tous les Chefs d'antennes de police affectés dans la zone ;
- Tous les Chefs de collines ;
- L'Agronome zonal ;
- Le Vétérinaire zonal ;

nyene. Itorwa ryabo rihagarikirwa na Musitanteri canke intumwa yiwe.

Agace ka 2 : Abagize amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ku rwego rw'amazone.

Ingingo ya 10 :

Ku rwego rw'amazone, Abagize amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose, bashobora guhindagurika, ariko hategerezwa kujamwo aba bakurikira:

- Umukuru wa zone;
- Abakuru bose baserukira igiporisi bakorerwa muri zone;
- Abakuru b'imitumba bose;
- Umufundi w'indimo akorerwa muri zone;
- Umuganga w'ibitungwa akorerwa muri zone;

- Le Technicien en charge de l'hygiène ;
- Le Responsable communal du Service National de Renseignement ;
- Le Président du comité communal de développement communautaire ;
- La Représentante du Forum des femmes ;
- Le Représentant communal des jeunes ;
- Le Responsable communal de l'Environnement.
- Umuhinga ajejwe isuku;
- Uwuserukira ibiro bijejwe igendereza mw'ikomine;
- Umukuru wa komite ya Komine ijewe iterambere rusangi;
- Uwuserukira ihuriro ry'abakenyezi mw'ikomine;
- Uwuserukira urwaruka mw'ikomine;
- Uwushinzwe ibidukikije mw'ikomine.

Article 9 :

Les membres provenant de la Société Civile élus parmi et par les représentants de toutes les organisations et/ou associations établies dans la Commune, y compris les Confessions religieuses et les médias, sous la supervision de

Ingingo ya 9 :

Abaserukira amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya poritike muri ayo makomite, batorwa n'abaserukira amashirahamwe yose akorera mw'ikomine harimwo abo mu mashengero n'ibimenyeshamakuru kandi abitoza bakava muri abo

- Assurer une meilleure intégration de la dimension genre dans les CMS ;
- Accélérer l'éducation patriotique au niveau des collines, village et quartiers ;
- Informer la population sur le processus électoral ;
- Consolider les mécanismes d'alerte précoce et le système de communication horizontale et verticale dans le cadre de la prévention. Instaurer ou activer le système de communication en flotte entre les membres du CMS, l'administration et les Corps de Défense et Sécurité ;
- Kwitwararika ko abakenyezi baserukirwa ku rugero rukwiye mu makomite y'umutekano ahurikiyemwo bose;
- Kwijukira inyigisho zo gukunda igihugu ku mitumba, mu birwati no mu makaritiye;
- Kumenyeshya abanyagihugu ivyerekeye amatora;
- Gukomeza ubuhinga bwo gutabaza hakiri kare n'uburyo bw'uguhanahana amakuru hagati y'abanyagihugu bo nyene no hagati y'abanyagihugu n'inzeho mu ntumbero y'ugukinga. Gushiraho umuhora w'uguhanahana amakuru wisangijwe (flotte) n'abagize amakomite y'umutekano, abajewe intwari hamwe n'abo mu nzego z'ukwivuna abansi n'iz'umutekano;

- Appuyer les initiatives de désarmement civil en invitant la population à répondre volontairement à la remise des armes détenues illicitement ;
- Trouver des cadres de sensibilisation des nouvelles politiques du Gouvernement ; exemples : la nouvelle carte d'assistance médicale, la nouvelle carte d'identité, l'école fondamentale ; etc....
- Gushigikira umugambi wo gukura ibirwanisho mu banyagihugu babitunze batabifitiye uruhusha, mu kubahiriza kubisubiza ku gushaka kwabo ;
- Gushiraho uburyo bwo guhimiriza abanyagihugu ngo bijukire imigambi mishasha ya Reta; uturorero: ikarata nshasha yo kwivurizako, ikarata karangamuntu ikozwe mu buhinga bwa none, ishure shingiro, n'ibindi.

Section 2 : Contribuer à protéger la population contre les menaces économiques

Article 3 :

Pour protéger la population contre les menaces économiques, il convient de :

- Mobiliser les ressources financières et informer la
- Kwegeranya uburyo bw'amafaranga no kumenyesha

Agace ka 2 : Kugira uruhara mu gukingira abanyagihugu ibibageramira bikomoka ku mvo z'ubutunzi

Ingingo ya 3 :

Kugira ngo abanyagihugu bakingirwe ibibageramira bikomoka ku mvo z'ubutunzi, hakenewe gukorwa ibi bikurikira:

- Le Chef de poste communal de police ;
- Le Président du Tribunal de Résidence ;
- Le Conseiller de l'Administrateur communal chargé des Affaires Administratives et Social ;
- Tous les Chefs de zones;
- Tous les Chefs d'antenne désignés comme collaborateurs directs des Chefs de zones;
- Le représentant de la Force de Défense Nationale (s'il y en a) ;
- Le Directeur communal de l'Enseignement ;
- L'Agronome communal ;
- Le Technicien de promotion de la santé et de l'hygiène ;
- Umukuru w'Igiporisi mw'ikomine;
- Umukuru wa Sentare y'intango;
- Umuhanuzi wa Musitanteri ajejwe ivy'intwari n'imibano;
- Abakuru b'amazone bose;
- Abakuru bose baserukira igiporisi ku mitumba bagenywe ngo bakorane n'abarongoye amazone;
- Uwuserukira urwego rwo kwivuna abansi (iyo ahari);
- Umuyobozi w'indero mw'ikomine;
- Uwushinzwe uburimi n'ubworozi mw'ikomine;
- Uwushinzwe ukubungabunga amagara y'abantu n'isuku;

Section 1 : Au niveau communal

Article 8 :

Les CMS au niveau communal seront constitués par 2/3 des membres provenant de l'administration, de la police et la justice, et 1/3 de la population et autres partenaires de la société civile incluant les représentants des opérateurs sociaux et économiques locaux. Les jeunes et les femmes sont respectivement représentés à 40 et 30% de l'ensemble des membres du Comité.

Les membres provenant de l'administration, de la police et la justice sont :

- L'Administrateur communal ;

Agace ka 1: Abagize amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ku rwego rwa komine

Ingingo ya 8 :

Amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose ku rwego rwa komine, agizwe n'ivya bitatu bibiri (2/3) vy'abaserukira abajejwe intworo, igiporisi n'ubutungane, n'ica gatatu (1/3) c'abaserukira abanyagihugu n'abandi bo mu mashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya poritike, harimwo n'abaserukira abafasha mu vy'imibano n'ubutunzi b'aho hantu. Urwaruka ruserukirwa ku bice 40%, abakenyezi na bo ku bice 30% vy'abagize ayo makomite.

Abaserukira abajejwe intworo, igiporisi n'ubutungane ni aba:

- Musitanteri;

population sur les opportunités à accroître le revenu ;

- Identifier les terres fertiles et les réserver à l'agriculture ;
- Assurer la sécurité alimentaire pour tous en structurant et en appuyant les producteurs agricoles, en développant l'agro-business (agriculture de marché, recherche des débouchés) et les filières (spécialisation), ainsi que la gestion rationnelle de la production (instauration des greniers communautaires dans les communes) et éradiquer le système de vente prématurée de récolte (umugwazo) ;
- Rendre opérationnelle les services fonciers communaux ;
- Mettre un accent particulier sur la distribution de l'électricité ;

abanyagihugu ivyotuma umwimbu wongerekana;

- Gutororokanya amatongo amera kugira ahariwe uburimyi gusa;
- Kwitwararika ko abanyagihugu bose baronka imfungurwa zikwiye mu gutunganya ukundi no gushigikira abitararika uburimyi n'ubworozi, ugukomeza amahinguriro ahingura ivyimburwa n'ukugwiza ivyimburwa bizanira igihugu amafaranga y'agaciro. Uguhimiriza gukoresha neza umwimbu n'imbutu (mu gushiraho ibigega rusangi mu makomine), hamwe n'ukurandurana n'imizi akageso k'ukugurisha imirima itarera ari ko bita umugwazo;
- Gutuma ibisata bijejwe amatongo mu makomine bikora neza;
- Kwitwararika kurusha ivyerekeye ikwiragizwa ry'umuyagankuba;

- Renforcer le mouvement coopératif ;
 - Développer les services de contrôle de la qualité des produits locaux et importés ;
 - Suivre la réglementation et le contrôle des exploitations minières ;
 - Développer les moyens et les voies de communication ;
 - Combattre la spéculation et la fraude.
- Guhimiriza abanyagihugu gukorera mu makoperative;
 - Gukurikirana neza ko amategeko agenga ugucukura n'ukudandaza ubutare akurikizwa;
 - Gukurikirana neza ko amategeko agenga ugucukura n'ukudandaza ubutare akurikizwa;
 - Guteza imbere uburyo n'ibikoresho vy'ugutwara abantu n'ibintu;
 - Kurwanya iduzwa ry'ibiciro riciye kubiri n'amategeko, n'urudandazwa ruciye mu kinyegero.

essentiellement dans la prévention de la criminalité et de la violence au niveau local après quoi ils orientent les parties en conflit aux instances habilitées. Ils veillent aussi à l'amélioration de la sécurité humaine de la population.

CHAPITRE II :

Composition des comites mixtes de sécurité

Article 7 :

Les CMS sont constitués par des membres provenant de la communauté locale à tous les niveaux en tenant compte de la représentation multisectorielle, selon le genre et l'âge.

ubutungane (nk'akarorero : ukugira amatohoza, uguhagarika canke uguhana abakekwako ivyaha). Arafasha ahanini mu gukinga ivyaha n'ubukozi bw'ikibi ku mitumba, akereka abegwa n'amatati inzego zibifitiye ububasha bitura. Ayo makomite ategerezwa kandi kwama yitwararika ko abanyagihugu batekaniwe muri vyose no mu buzima bwabo bwa minsi yose.

IGICE CA II:

Abagize amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose

Ingingo ya 7 :

Amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose, agizwe n'abantu bakomoka mu banyagihugu bo mu nzego zose z'intango, hisunzwe ko ibisata vyose vyo mw'ikomine no ku mitumba biserukirwa kandi hitwararitswe ko abakenyezi n'urwaruka barimwo.

- Délivrer en temps utile les informations réelles sur le climat afin de prévoir et réduire l'impact des catastrophes naturelles liées aux précipitations excessives ou au manque de pluie ;
 - Renforcer l'éducation environnementale ;
 - Mobiliser la population contre les feux de brousse ;
 - Développer le secteur eau et assainissement ;
 - Développer le secteur forestier et environnemental.
- Gutanga hakiri kare amakuru yerekeye ingene ikirere cifashe, kugira ngo bishoboke gukinga no kugabanura inkurikizi z'impanuka kama ziturutse ku birere nk'imvura y'isegenya canke uruzuba;
 - Gutanga inyigisho zikwiye zijanye n'ukwitwararika ibidukikije;
 - Guhimiriza abanyagihugu kurwanya imiriro ya Nyakanga;
 - Guteza imbere igisata c'amazi no gutunganya imiserege y'amazi;
 - Guteza imbere igisata c'amashamba n'ibidukikije;

Article 6 :

Les CMS travaillent en collaboration avec la police locale mais ils n'ont pas le droit d'exécuter les tâches de la police ou de la justice (par. exemple. faire des enquêtes, arrêter ou punir des suspects). Ils contribuent

Ingingo ya 6 :

Amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose mu kurangura imirimo ashinzwe, akora afadikanije n'igiporisi c'aho hantu, ariko nta burenganzira afise bw'ukwisuka mu mirimo ihariwe igiporisi canke

Section 3 : Contribuer à protéger la population contre les menaces d'ordre social

Article 4 :

Pour améliorer la protection de la population contre les menaces sociales, l'accent est mis sur plusieurs actions à savoir :

- Améliorer le système de santé; l'hygiène dans les ménages, cabarets et restaurants ; interdire à tout prix la fabrication et la commercialisation des boissons prohibées ;
- Assurer l'accès de toute la population aux fontaines d'eau potable ;
- Renforcer le planning familial ;
- Rendre obligatoire la scolarisation des filles et des garçons jusqu'au moins à la fin de l'école fondamentale ;

Agace ka 3 : Kugira uruhara mu gukingira abanyagihugu ibibageramira bikomoka ku mvo z'imibano

Ingingo ya 4 :

Kugira ngo abanyagihugu bakingirwe neza ibibageramira bikomoka ku mvo z'imibano, hategerezwa kurangurwa ibi bikurikira:

- Kurushirizaho guteza imbere igisata c'amagara y'abantu mu gihugu, kwijukira kuruta isuku mu ngo, mu bunywero no mu buriro; gutuza ihingurwa n'urudandazwa rw'inzoga zibujijwe n'amategeko;
- Kwegereza amabombo y'amazi meza abanyagihugu bose;
- Guhimiriza abanyagihugu kuvyara ku rugero;
- Gushiraho itegeko rihimiriza abigeme n'abahungu kwiga kugeza n'imiburiburi bahejeje ishure shingiro;

- Protéger les élèves filles contre les mariages précoces et les grossesses avant la fin de l'école secondaire ;
- Intégrer les jeunes dans les circuits de production par l'apprentissage et la formation professionnelle ;
- Renforcer la sécurité contre les violences dans les familles et en milieu scolaire ;
- Promouvoir l'alphabétisation fonctionnelle dans des groupements communautaires ;
- Améliorer la prise en charge et l'intégration socioéconomique des personnes vulnérables (enfants de la rue, déplacés, rapatriés, personnes âgées, handicapés,
- Gukingira abanyeshure b'abigeme ukwibirwa hamwe n'ugutwara inda z'ishushu batararangiza amashure yisumbuye;
- Kwigisha no gukarahiriza ubwenge urwaruka mu vyerekeye imyuga kugira bashobore kugwiza umwimbu n'ukwibeshaho;
- Gukomeza umutekano mu kurwanya ubukozi bw'ikibi mu miryango no mu mashure ;
- Guteza imbere ukwigisha abakuze gusoma n'ukwandika bishingiye ku vya nkenerwa mu buzima, ufatiye ku mirwi barimwo;
- Kwitaho kurusha ba ntahonikora mu kubigisha ingene bokwibeshaho (abana bo mw'ibarabara, abateshejwe izabo, abahunguka, abantu

- démobilisés) bageze mu zabukuru, abagendana ubumuga, abahoze ku rugamba);
- Promouvoir la culture, les valeurs et la langue nationales ;
- Encourager le dialogue familial ;
- Protéger la famille contre la polygamie et le concubinage.
- Guteza imbere imico kama, imigenzo myiza irimwo akarangamutima hamwe n'uguhurumbira ururimi kavukire rw'ikirundi;
- Guhimiriza abanyagihugu gukomeza ikiyago mu ngo no mu miryango;
- Gukingira imiryango amabi akwegwa n'uguharika n'ukurenga ibigo.

Section 4 : Contribuer à protéger la population contre les menaces environnementales

Article 5 :

Il est très important de protéger la population contre la survenance de ce type de menaces à travers les actions suivantes :

Agace ka 4 : Kugira uruhara mu gukingira abanyagihugu ibibageramira bikomoka ku bidukikije

Ingingo ya 5 :

Birakenewe rwose gukingira abanyagihugu ibibageramira bikomoka ku bidukikije mu kurangura ibi bikurikira: